

## Manadje IT Avi Rekritman

### SOIL

SOIL se yon ONG ki fonde an Ayiti nan 2006 epi li travay pou ogmante aksè a yon fòm sanitasyon ki pozitif pou klima ak yon modèl ki pa selman amelyore sityasyon sante piblik men tou ki aji sou sekirite manje, devlopman ekonomik, e rezilyans ekolojik. Sèvis sanitasyon SOIL aktyelman ap bay plis pase 3700 fanmi nan depatman Nò a yon bon sevis sanitasyon lakay yo ki konekte ak yon sistem tretman ak transfomasyon. SOIL genyen plan pou agrandi sèvis li pou rive bay plis ke 8000 fanmi nan ane kap vini yo. SOIL se yon ekip 60+ moun ak ekspetiz nan plizye domèn ki enkli biznis sosyal, ekoloji, sanitasyon, sante piblik, agrikilti, finans, relasyon kominotè, maketing, e lot toujou. Aprann pi plis sou travay nou nan [www.oursoil.org](http://www.oursoil.org).

### TRAVAY AK NOU

SOIL ap cheche yon Manadje IT ki kapab antre e bay sipo imedyat a ekip la ak devlopman ni egzekisyon yon estrateji teknoloji pou oganizasyon an.

|                 |                                         |
|-----------------|-----------------------------------------|
| Tit Pos         | Manadje IT e Estrateji Done             |
| Lokal Pos       | Okap-Ayisyen                            |
| Tip Pos         | Tan Plen                                |
| Dat Piblikasyon | 20 Jwen 2025                            |
| Dat Limit       | Rekritman kontinyel jiske pos la ranpli |
| Dat Komansman   | Pi vit ke posib                         |

### TACH PRENSIPAL

Manadje IT a responsab pou mennen, dirije, planifye, e jere estrateji enfomatik SOIL la. Li ap sipevize direkteman pa COO SOIL la epi lap genyen responsablite pou sipevize 2 lot manm ekip IT. pati esansyèl nan pwosesis rekonstwi ekip IT SOIL la.

Manadje IT ap yon bon lidè, ak eksperyans nan “jesyon chanjman,” kreyasyon ak devlopman ekip, etablisman yon kilti jesyon done kom yon valè enpotan nan oganizasyon an, bon jesyon sevis ak pwojè, epi ki konn pote inovasyon nan anviwonman travay la. Manadje IT a ap pote konesans aktyèl nan domèn nan ni yon vizyon lavni pou idantifye nouvo sistem ak teknoloji pou ede amelyore operasyon ak sipo pou SOIL ka avanse nan misyon ak vizyon pa'l.

Tach prensipal yo enkli:

- Devlope yon estrateji teknoloji konpreyansif pou avanse ak plan estratejik SOIL
- Responsab jesyon enfrastrikti teknolojik (sistem ak rezo) nan oganizasyon pou asire yon pefomans optimize.



# SOIL Haiti

- Jesyon regilyè a sistem, pwogram, e aplikasyon nesèsè pou reponn bezwen oganizasyon an.
- Responsab planifikasyon, egzekisyon e enplimantasyon tout pwojè teknolojik yo
- Planifye e jere acha teknolojik pou asire yo mache ak plan estratejik SOIL
- Jesyon platfòm koleksyon done (Taroworks) ak CRM (Salesforce) pou asire ke ekip teren toujou genyen djob ki fonksyone pou yo epi rapò nesèsè pou avanse sou objektif pa yo.
- Devlope e jere dashbòd (Metabase) ak lòt platfòm ki asosye ave'l (dbt, Fivetran, Big Query) pou asire ke Direksyon Operasyonel ak Ekip Egzekitif toujou genyen aksè bon done pouf e analiz e pran desizyon nesèsè.
- Kolabore ak Direksyon Operasyonel la pou evalye, idantifye, e fikse priyorite teknolojik yo.
- Devlope estrateji mitigasyon risk IT yo.
- Kontinye aprann e rete okouran sou devlopman nan sistem e teknoloji pou asire nou kontinye entegre amelyorasyon posib nan sistem SOIL yo.
- Kreye, jere, e aplike pwotokòl ekri pou pwosesis kle yo ki genyen rapò ak IT e sistem ke li jere yo.
- Kolabore ak lidèship SOIL pou etabli yon kilti pozitif parapo done kom yon valè oganizasyonel.
- Etabli e jere relasyon ak reprezantan fim ekstèn ki se founisè teknoloji, platfòm, oswa sèvis sipò pou teknoloji ke nou itilize.
- Jesyon bidjè pou IT ak objektif pou oganizasyon an ap agrandi men ak yon je fiks sou fason pou redwi kou nan mwayen-tem ak long-tem.
- Lòt tach ke sipèvizè'w mande epi ke'w aksepte.

## SIPEVIZYON

Pos sa sipèvizè dirèkteman pa COO (Chief Operating Officer) epi travay pwoch a tout manm Direksyon Operasyonel yo.

## KALIFIKASYON

- Omwen 3 zan eksperyans kom yon pwofesyonèl IT ak rezilta klè e kantitatif.
- Omwen 2 zan eksperyans nan sipèvizyon ekip
- Eksperyans nan jere e adrese defi ak pwoblèm ki asosye ak koleksyon done, analiz, e entegrasyon nan kontèks difisil.
- Bon jan konèksan nan sistem ak enfrastruktir enfomatik, ki tou enkli yon abidit ak zouti, metodoloji done, e sistem ki egziste sou mache a ni yon kapasite pou rete okouran devlopman nan domèn IT.
- Eksperyans ak SQL, R oswa yon lòt platfòm ki sanble ak sa yo.
- Eksperyans nan jesyon pwojè ki enkli analiz bezwen, planifikasyon, epi enplimantasyon.
- Bon kapasite pou kominiye ant kolèg ki genyen ekspètiz ak eksperyans diferan ant ekip Operasyonel, ekip Vant, epi ekip Egzekitif.
- Bon kapasite pou etabli e jere relasyon entèpèsonel ak kolèg nan SOIL ni reprezantan moun ekstèn.
- Konpreyansyon sou bezwen teknik ONG
- Eksperyans ak Salesforce kom yon administratè
- Kapasite pou pale/li/ekri nan Kreyòl-Ayisyen epi Angle

# SOIL Haiti



## FASON POU APLIKE:

Voye dosye aplikasyon pa imel nan [jobs@oursoil.org](mailto:jobs@oursoil.org) ak tit “SOIL IT Manager” nan objè imel la.

Dosye yo dwe an Anglè, Kreyòl, oswa Fransè epi enkli selman 3 bagay sa yo:

- Let motivasyon ki eksplike entere pa’w epi kalifikasyon pou pos sa
- CV
- Enfomasyon kontak pou 3 referans pwofesyonel (kandida yo ap enfome avan nou antre an kontak ak referans sa yo)

Note byen ke aplikasyon ki pa enkli 3 aspes sa yo pap konsidere. Si vou ple PA voye lot dokiman/setifika san nou pa mande pou sa.

**Nou ankouraje Fanm aplike pou pòs sa !**